



The Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of Health and Human Services  
Department of Public Health  
250 Washington Street, Boston, MA 02108-4619

DEVAL L. PATRICK  
GOVERNOR

TIMOTHY P. MURRAY  
LIEUTENANT GOVERNOR

JUDYANN BIGBY, MD  
SECRETARY

JOHN AUERBACH  
COMMISSIONER

*Mizajou 4 me, 2009, a 1è nan aprèmidi*

## Enfòmasyon pou paran sou viris H1N1 (grip pòsin)

### Èske pitit mwen ka al lekòl san danje?

Kounyea, ofisyèl sante piblik lokal ak Eta yo di elèv kapab e dwe kontinye al lekòl, depi yo pa malad epi yo pa gen sentòm grip la. Sentòm tankou grip se: lafyèv (plis pase 100 degre F), san frèt, tous, gòj fè mal, rim oswa nen bouche. Lòt sentòm moun malad ak grip pòsin ka genyen se: kò fè mal, fatig, epi gendefwa vomisman ak dyare.

Depatman Sante Piblik genyen yon fèy enfòmasyon sou grip pòsin ki disponib nan sit entènèt Depatman Sante Piblik, [www.mass.gov/dph/swineflu](http://www.mass.gov/dph/swineflu), ki an Anglè ak lòt lang tou, tankou Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Vyètnamyen, Kamè ak Kreyòl.

### Kisa pou mwen fè si pitit mwen malad?

Grip fasil pou gaye. Si ou panse timoun ou ap kòmanse malad ak grip la:

- Li trè enpòtan pou li pa ale lekòl oswa lòt kote li ka enfèkte lòt moun, tankou nan gadri, nan pwogram aprè lekòl, nan magazen, oubyen nan jwèt espò.
- Rele klinik dòktè ou epi di l sentòm pitit ou genyen epi istwa sante l. Dòktè ou pral di ou si pou vini nan klinik la. Li pi bon si ou rele alavans paske plizyè klinik dòktè gen pwotokòl anplas pou reponn a maladi grip H1N1 (pòsin).
- Mete enfimyè lekòl oukouran eta sante pitit ou.
- Lè ou rele lekòl pitit ou pou di pitit ou malad, tanpri enfòm enfimyè lekòl si li genyen sentòm tankou grip.

Si dòktè ou di ou pou swanyen pitit ou lakay ou, Sant Nasyonal pou Kontwòl Maladi gen yon gid pou swanyen moun malad lakay. Ou ka jwenn li nan, [http://www.cdc.gov/swineflu/guidance\\_homecare.htm](http://www.cdc.gov/swineflu/guidance_homecare.htm).

Men kèk konsèy nan gid sa a:

- Fè li tounen yon règ pou tout moun nan kay la kouvri bouch yo lè yo ap touse, epi lave men yo avèk savon ak dlo oswa fwote men yo ak dezenfèktan abaz alkòl souvan, sitou aprè yo fin touse oswa etènye.
- Kenbe moun malad la nan yon chanm apa lòt pati kay la. (Pa egzanp, yon chanm ami ak pwòp saldeben li, si posib. Kenbe pòt chanm sa a fèmen.)

- Kenbe timoun ou lakay amwens li nesèsè pou li al jwenn swen medikal epi pa kite lòt timoun oswa lòt moun vini lakay ou pandan tan sa a. Pitit ou a kapab transmèt viris sa a pandan sèt jou ou plis, kidonk mande dòktè ou lè li kapab retounen lekòl.
- Eseye pwoteje lòt moun ki nan kay la. Pa ègzanp, si posib, kite yon sèl moun swanyen moun ki malad la (pa yon fi ansent). Pwòpte sifas souvan ak yon dezenfèktan epi fè lè sikile nan chanm nan. Sonje lave men ou.
- Obsève tèt ou ak lòt moun tou, menm granmoun yo, pou sentòm grip la epi kontakte pwofèsyonèl lasante si youn nan nou vin genyen sentòm.
- Jete mouchwa anpapye epi lòt bagay jetab moun malad la te sèvi. Lave men ou aprè ou te fin manyen mouchwa anpapye ak lòt bagay moun nan te sèvi.
- Rad, ajantri ak asyèt moun malad la te sèvi pa bezwen lave apa, men li enpòtan lòt moun pa sèvi ak yo anvan yo byen lave.

### **Kisa pou mwen fè pou timoun mwen pa vin malad?**

Li enpòtan tou pou aprann timoun ou jan pou redwi risk trape grip la epi jan pou pwoteje lòt moun kont enfèksyon.

- **Aprann pitit ou pou yo lave men yo souvan.** Li bon pou yo lave men yo avèk savon epi dlo tyèd souvan pandan omwen 20 segonn (se tan li pran pou chante Happy Birthday de fwa).
- **Aprann pitit ou sèvi ak dezenfèktan pou men.** Jele, pwodwi pou fwote ak napkin imid yo tout bon si yo genyen omwens 60% alkòl. Fè atansyon jan yo jete napkin imid yo nan fatra. (Sivèye jan moun sèvi ak jele paske yo ta ka vale l).
- **Aprann pitit ou jan pou touse oswa etènne nan manch rad yo—pa nan men yo!** Kouvri bouch yo ak yon mouchwa lè y ap touse oswa etènne oubyen aprann yo touse nan koud bra yo. Yo dwe lave men yo aprè yo mouche nen yo oswa touse nan yon mouchwa anpapye.
- **Aprann pitit ou pou pa manyen nen, bouch oswa je yo.** Yo pa dwe touche figi yo.

Si nou tout swiv bon ijyèn, ofisèl sante yo kwè nou kapab limite grip pòsin gaye nan lekòl ak nan gadri nou.

### **Eske y ap fèmen lekòl pitit mwen si gen yon ka ka grip pòsin?**

Responsab lekòl ak ofisyèl sante Eta ak ofisyèl sante lokal yo ap swiv ak atansyon sityasyon an epi y ap enfòme paran yo si li nesèsè fèmen lekòl yo. Kan menm li enpòtan pou planifye alavans. **Fè yon reyinyon nan fanmiy pou decide kimoun ki pou gade timoun ou si lekòl li ta fèmen.**

Si lekòl la ta fèmen, li enpòtan pou elèv yo pa reyini yon lòt kote men pito rete lakay yo pou pa enfekte lòt moun.

### **Kòman pou m rete enfòme sou sa k ap pase nan kominote mwen?**

Souple rete enfòme nan pran enfòmasyon ajou sou grip pòsin epi sa ou ka fè pou kenbe fanmiy ou ansante sou sit entènèt Depatman Sante Piblik nan Massachusetts nan [www.mass.gov/dph/swineflu](http://www.mass.gov/dph/swineflu), sou sit entènèt Sant Nasyonal Kontwòl Maladi nan [www.cdc.gov/swineflu/](http://www.cdc.gov/swineflu/) oswa nimewo telefòn gratis ki fonksyone 24 sou 24 kote rezidan Massachusetts yo ka rele pou enfòmasyon jeneral sou grip pòsin. Pou jwenn liy sa a, rele 211.

### **Ki prekosyon lekòl yo pran?**

Lekòl nou yo pran prekosyon sa yo:

- Lave men ak swen trè enpòtan pou anpeche maladi gaye, menm grip pòsin nan tou. Enfimyè lekòl yo te konn e pral kontinye ansyen lave men epi kouvri bouch ou lè ou touse nan tout lekòl nan distri a. Yo pral kontinye fè elèv ak ekip k ap travay la konnen enpòtans bagay sa yo.
- Tout enfimyè lekòl, tout ekip ki sèvi manje, dirèktè ak pwofesè lekòl ap travay ansanm pou anpeche grip pòsin nan gaye, pa demach aktif, kominikasyon ak prekosyon inivèsèl.
- Sistèm dokimantasyon elèktwonik enfimyè lekòl yo genyen ka sèvi pou sivèye maladi nan swiv sentòm, yon fason pou pwoblèm sante piblik kapab idantifye byen vit.
- Enfimyè lekòl yo ap travay men nan men ak ofisyèl sante piblik Eta ak lokal si ta gen pwoblèm..

**Mèsi pou kolabore ak nou pou kenbe pitit nou ak lekòl nou ansante.**